ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№117 (22.775) ● 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 18, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр Сэвкіуий Хь.В. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сурэтыщ1 гъуаздж1эм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищ1ам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Сэвкіуий Хьэмид Владимир и къуэм** - сурэтыщ1ым, «Сурэт щ1ынымкІэ, скульптурэмкІэ, архитектурэмкІэ Санкт-Петербург къэрал академие институтУ Репин И. Е. и ц1эр зезыхь» профессионально щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет едж1ап1э Іуэхущ1ап1эм и егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр п1ал1ъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м
№132-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр зэф1ъэгъуэзным, пъэпкъэм яку дэлъ мамырыгъэмр зэныбжьэгъуГъэмрэ гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ дыдэхэр зэрыхуащ1ам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щ1э фІыщ1эхэм папщ1э» орденыр етын:

Губин Геннадий Сергей и къуэм - «Олимпстрой» къэрал корпорацэм и вице-президентым

Дэхъуфокъуэ Мусэ Ильяс и къуэм

Залиханов Михаил Чокка и къуэм - Щ1эныгъэхэм я Урысей академием и чэнджэщэгъуэм, «Бгылъагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм и щ1эныгъэ унафэщ1ам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр п1ал1ъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м
№133-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъымрэ къэкІуэну зэманым унафэщІ Іэнатіэхэм пэрытынхэр къыхэхынымрэ я Іуэхуэхэмкіэ комиссэм теухуа Положениэмрэ а комиссэм хэтхэмрэ къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэщтэн мы Указым щІыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъымрэ къэкІуэну зэманым унафэщІ Іэнатіэхэм пэрытынхэр къыхэхынымрэ я Іуэхуэхэмкіэ комиссэм теухуа Положениэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъымрэ къэкІуэну зэманым унафэщІ Іэнатіэхэм пэрытынхэр къыхэхынымрэ я Іуэхуэхэмкіэ комиссэм хэтхэр.

2. Къэру имыІэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъымрэ къэкІуэну зэманым унафэщІ Іэнатіэхэм пэрытынхэр къыхэхынымрэ я Іуэхуэхэмкіэ комиссэм теухуауэ» 2013 гъэм гъатхэпэм и 21-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №37-УГ-м и пункт 2-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щ1ыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр п1ал1ъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 29-м
№121-УГ

(Указым и гуэдзэнхэр 2-нэ нап. тетщ).

Іуэхухэр зэфІэбгъэкІын папщІэ, ахэр зыхуэдэм ущыгъуэзэн хуейщ

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Меликов Сергей лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкІуэ Меликов Сергей псом япэу кІуащ Бахъсэн районым и «АГРО-КОМ» ООО-м и Іуэхущ1ап1эм. Къ Б Р-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр п1ал1ъэкІэ къыхэкІыу Юрий и гъусэу лъэщап1эхэр щ1ыпл1ыхьащ. Сом меларадрэ мелуани 100-рэ банкэм кредиту къыІахьы яуха Іуэхущ1ап1эм мазэ къэс абыхэм ящ1ыщу мелуан 17 епшныж. Мыбы ц1ыху 300 щ1олажь. Я мазэ курыт улахуэр сом мин 16 мэхъу. Гектар 20 кьызэщ1эзыубыдэ теплицэм помидор щагъэкІ. Щхьэ зытелъ хьэсэхэм зы ильэсым помидор килограмм мелуани 10-м нэблагъэ къыщ1ох ьэІэ. Меликов Сергей щ1эупщ1ащ Іуэхущ1ап1эм зегъэубГуныммкІэ ик1и ар и лъэжьэу къуажэ гъунэгъуэм щ1ыпсэхэр лэжьапІэ Іэнат1экІэ къызэрагъэпэщ1ын и лъэныкъуэкІэ щ1ы1э Іэмалхэм. Мы зэманым а бжыгъэр процент 30 - 40-м щ1игъуркъым.

Округым и Іэтащхьэр щ1ыІащ республикэ клиникэ сымаджэщым и хирург корпусым ик1и епл1ащ л1ынтхуэ з1эхэм щ1ы1эзэ центрымрэ реанимацэ, травматологие къудамэхэмрэ.

Іэмэпсымэщ1э дыдэхэмкІэ зэщ1эузэда, иджырей зэманым езэгъ медицинэ Іуэхущ1ап1эщ1 ахэр. Мыбы щ1ы1эщ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым хирургиемкІэ и кафедрит1.

Л1ынтхуэ з1эхэм щ1ы1эзэ центрыр къызэрагъэпэщ1ыным сом мелуан 200-м щ1игъу трагъэкІуащ1эд. Федеральнэ программэм и фІыгъэкІэ нэгъуэщ1 къэралхэм сом мелуани 130-м щ1игъу я уасэ І эмэпсымэщ1эхэр къыщащ1эхуащ, компьютер томографхэр, иджырей УЗИ-аппарат, ангиографие комплекс щ1агъэуващ. Операцэ щащ1 п1эшхэм л1ажьыгъэшхуэ щокІуэкІ. Іэщ1агъэл1хэм къалъытэ фІагъыщхуэ зи1э медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ц1ыхухэм ираты нам ар л1ъабжьэ хэзэхуну. Нэхъапэм апхуэдэ операцэхэр ирагъэщ1ын папщІэ КъБР-м Узынщагъэр хъ1ымэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм и кв0тэхэмкІэ федеральнэ сымаджэщ1эхэм ягъэкІуэн хуей хъурт.

«Сэ сощІэ КІуэкІуэ Юрий мы Іуэхур зэфІэгъэкІынымкІэ федеральнэ министерствэр къызэрыхишар. Гъэзэщ1ак1уэ властым и федеральнэ органхэм щ1ы1элажьэ зэманым зриГъэгъуэ зэфІэкІым и фІыгъэкІэ, абы хуэзэфІэкІащ къ1ауТ1ыпщ ахъщэр зыхухахам І эрыхьэныр къызэригъэпэщ1ыныр», - жи1ащ Меликов Сергей. Ар дохутырэм ехъуэхъуащ ц1ыхухэр г1ащ1эм, лэжьыгъэм, унагъуэм, жылагъуэм, жылагъуэм и лъэныкъуэкІэ ехъулІэныгъэ я1эну.

Меликов Сергейрэ КІуэкІуэ Юрийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэм я1ущ1ащ.

Къызэхуэсахэм защ1ыхуиГаазэм полномочнэ лыкІуэм къыхигъэбелджылыкІащ: «Урысей Федерацэм и адрей щ1ынал1э псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ц1ыхухэр ирогушхуэ Къырымыр Севастополь м рэ Урысейм къызэрыхьыхьажам. А гурыщ1эм фэрыщ1ыгъэ гуэри хэлъхьаи. Псори гум, псэм хъабгъэдокІ». Меликов Сергей гу лъаригъэтащ щ1алэгъуалэр езым и къэралымрэ и ц1ыхубзмрэ фІыуэ я1ыгъуным щ1ап1ы1ын зэрыхуей1ы».

Кавказ Ищхъэрэм егъэщ1ылІа къ1ланэхэм я гугъу щ1ищ1ым, полномочнэ лыкІуэм къыхигъэбелджылыкІащ къэралым и унафэщ1хэм щ1ынал1эм зегъэужьыным гулъытэшхуэ къызэрыхуащ1ыр. Ауэ инвесторхэр хъ1ашэл1эн папщІэ Іэмал зыбжанэ хуеиГащ. Іуэхуэхэр къызэпызыуд щхьэусыГъуэхэм я1ущ1ыр Украинэм къыщ1ыхъуахэм яжь къащ1ихуу щ1ытыкІэр зэІагъэхъэн мурадкІэ я щхьэр нэхъ ину къэлэтыным хущ1экъуэнкІэ хъуну террористэ зэгухъэныгъэр зэрыщ1ыІэр, экономикэр зэрегухэхар. Іуэхущ1ап1э инхэр зэфІэгъуэвэжьен, курыт улахуэм хагъэхъуэн ик1и ар и лъабжьэу ц1ыхухэм я псэкІэр ирагъэфІэкІуэн хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ил1эгъуэхэм я гугъу щ1ищ1ым, полномочнэ лыкІуэм жи1ащ егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ Іэнат1эхэм дяпэкІи зрагъэужьын зэрыхуейр.

Меликов Сергей жи1ащ псэуныгъэм егъэщ1ылІа нэхъ Іуэхугъуэ тк1ийкэр зэфІагъэкІынымрэ республикэм и унафэщ1хэм къаруушхуэ зэрырахьэлІэр зэригуапэр. КъБР-м и щ1ыхьэр Налшык къалэм и тепл1эм фІы и л1ыныкъуэкІэ зэрызихъуэжар къ1ухигъэщхьэкІри, абы жи1ащ апхуэдэу щ1ыт пэтми, «ЖКХ-м ехьэл1а Іуэхуэхэр иджыри нэсу зэфІэгъэкІа зэрымыхъуар».

Жылагъуэ зэгухъэныгъэ зэмыл1эужьыгъуэхэм я л1ыкІуэхэр къ1ехьэкІнехьэкІ зыхэмылъ ик1и щхьэтечу щ1ыт псал1эмакъым къ1ухьэныр къ1ухуриджэри, Меликов Сергей жи1ащ: «Мы-хьэнэшхуэ и1эщ иджырей щ1ытыкІэм, къэкІуэну зэманым къ1ыфпэлъэ Іуэхуэхэм фэ фыз1эрепл1ыр т1ц1ынымрэ. Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ папщІэ абыхэм ущыгъуэзэн хуейщ».

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынал1э зэгухъэныгъэм и комитетым и ал1э секретарь Пащ1ты Борис, КъБР-м ц1ыхум и хуитныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, «Налшык» ОРТК-м и унафэщ1 Вэрокъуэ Владимир, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Президент Сэхъурокъуэ Хьэутий, балъкъэр л1ъэпкъым и «Алан» республикэ жылагъуэ зэгухъэныгъэм и унафэщ1 Беппаев Суфян, КъБР-м и Парламентым и Щ1алэгъуалэ палатэм и унафэщ1 Джапуев Муса сыми тепсэл1ыхьащ1 республикэр экономикэ щ1ытыкІэ гугъум къишын, жылагъуэр зэщ1эгъэуІуэн, Кавказ Ищхъэрэм интеграцэр щ1ыгъэл1эщ1ын, псоми ял1эІэс СМИ-хэр къызэгъэпэщ1ын, щ1эныгъэ нэхъыщхьэ зэрыригъэгъуэт щ1ыкІэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейм егъэщ1ылІа Іуэхуэхэм.

Абыхэм къыхалъхьахэм, я щ1а дагъэхэм сыт и л1ынкъуэкІи хэпл1энущ.

Меликов Сергей жи1ащ полномочнэ лыкІуэм и Іуэхущ1ап1эм республикэм и унафэщ1хэм дзыхь къ1аэрыхуищ1ыр ик1и къыхигъэщхьэхуІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ц1ыхухэр я щ1эгъэхьуэну ахэр щ1ы гугъуэхьхэм зэрапэл1эщ1ынымр и фІэщ зэрыхъур.

Зэ1ущ1эр щ1ызэхуищ1ыжым КІуэкІуэ Юрий Урысейм и Президентым и л1ыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щ1ы1эм фІыщ1э хуищ1ащ къ1ызрыдэ1эпл1ыкъым папщІэ. Абы къ1ухигъэщхьэхуІащ республикэм дяпэкІи ц1ыхухэм я псэукІэ щ1ынымрэ я щ1эгъэхьуэну ахэр щ1ы гугъуэхьхэм зэрапэл1эщ1ынымр и фІэщ зэрыхъур.

Зэ1ущ1эр щ1ызэхуищ1ыжым КІуэкІуэ Юрий Урысейм и Президентым и л1ыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щ1ы1эм фІыщ1э хуищ1ащ къ1ызрыдэ1эпл1ыкъым папщІэ. Абы къ1ухигъэщхьэхуІащ республикэм дяпэкІи ц1ыхухэм я псэукІэ щ1ынымрэ я щ1эгъэхьуэну ахэр щ1ы гугъуэхьхэм зэрапэл1эщ1ынымр и фІэщ зэрыхъур.

Ауэ инвесторхэр къ1ашэл1эн папщІэ. Абы къ1ухигъэщхьэхуІащ республикэм дяпэкІи ц1ыхухэм я псэукІэ щ1ынымрэ я щ1эгъэхьуэну ахэр щ1ы гугъуэхьхэм зэрапэл1эщ1ынымр и фІэщ зэрыхъур.

Зэ1ущ1эр щ1ызэхуищ1ыжым КІуэкІуэ Юрий Урысейм и Президентым и л1ыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щ1ы1эм фІыщ1э хуищ1ащ къ1ызрыдэ1эпл1ыкъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм накъыгъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №121-УГ-мкIэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ къэкIуэну зэманым унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр къыхэхынымрэ я IуэхухэмкIэ щыIэ комиссэм теухуа

Положенэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ къэкIуэну зэманым унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр къыхэхынымрэ я IуэхухэмкIэ щыIэ комиссэр (адэкIэ - Комиссэщ) къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущ (адэкIэ - граждан къулыкъущ) зегъэужьын, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр (адэкIэ - унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр) тэмэму къыхэхын икIи къэгъэсэбэпын мурадкIэ.

2. Комиссэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и лъабжьэщ Урысей Федерацэм и Конституцэр, федеральнэ законхэр, Урысей Федерацэм и адрей хабзэ мардэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэр, унафэхэр, абы кьигъэув пщэрылъхэр, апхуэдэу абы Положенэр.

3. Комиссэм теухуа Положенэр, а комиссэм хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьещтэ.

4. Комиссэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ:

а) граждан къулыкъум пыщIа правовой, кьызэгъэпэщынигъэ Iуэхухэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ лэжьыпхъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм папщIэ гъэхьэзырыныр;

б) унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр кьыхэхынымрэ ахэр тэмэму къэгъэсэбэпынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм папщIэ гъэхьэзырыныр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан къулыкъум теухуа и законодательствэр егъэфIэкIуэным, граждан къулыкъум зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал граждан къулыкъум екъэлIа и хабзэ мардэхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ кьыхалъхэхэм хэлпъэныр;

г) кьэкIуэну зэманым унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр кьызэрыхахыр егъэфIэкIуэным, ахэр нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпыным, апхуэдэу унафэщI лэжьакIуэхэр зэрагъэхьэзырым пыщIа Iуэхухэм хэлпъэныр;

д) къэкIуэну зэманым унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр кьыхэхынымрэ ахэр тэмэму къэгъэсэбэпынымрэ, апхуэдэу унафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм я проектхэм хэлпъэныр;

е) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал граждан къулыкъум теухуа и законодательствэр кьызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъыныр, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ щытыкIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр щыгъуазэ щыныр;

ж) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьызэрыхигъэувам тету Комиссэм и унафэм хиубыдэ адрей Iуэхухэми хэлпъэныр.

5. Езым кьыбгъэдэхуэ кьалэн нэхъыщхьэхэр игъэзэщIэн папщIэ мы комиссэм хуитныгъэ иIэщ:

а) езыр зыхуэй хьыбархэмрэ материалхэмрэ щыIэ хабзэхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, къэрал властым и федеральнэ органхэм я щыналъэ органхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ зэгъэхьэныгъэхэм, щIэныгъэ, кьинэмыщI организацэхэм я деж щыщIэупщIэну икIи кьаIихьыну;

б) Комиссэм и унафэм хиубыдэ IуэхухэмкIэ къэрал органхэм, жылагъуэ зэгъэхьэныгъэхэм, щIэныгъэ, кьинэмыщI организацэхэм я лIыкIуэхэр езым и зэIущIэхэм кьыригъэблэгъну;

в) къэрал властым и органхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ зэгъэхьэныгъэхэм, щIэныгъэ, кьинэмыщI организацэхэм я лIыкIуэхэр езым и зэIущIэхэм кьыригъэблэгъну;

г) хъыбарегъащIэ-аналитикэ, эксперт лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIын папщIэ щыIэ хабзэхэм тету, апхуэдэу зэгурыIуэныгъэхэр я лъабжьэу организацэхэр, щIэныгъэлIхэмрэ Iэщ-гъэлIхэмрэ кьригъэблэгъну;

д) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ органхэм я деж щызэхуахьэса бжыгъэхэмрэ Iуэхухэмрэ щыIэ хабзэхэм тету кьигъэсэбэпыну;

е) къэралым связьмрэ коммуникацэхэмкIэ и системэр, абы Правительствэм ейри хэту, кьигъэсэбэпыну.

6. Комиссэр кьызэрагъэпэщ Комиссэм и унафэщIыр, абы и къуэдзэхэр, секретарыр, апхуэдэу зи кьалэнхэр я лэжьыгъэ нэхъыщхьэм щыгъуэ езыхьэкIыу Комиссэм хэтхэр хиубыдэу.

7. Комиссэм и унафэщIым:

а) Комиссэм и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр еубзыху;

б) Комиссэм и зэIущIэр щекIуэкIыну щыпIэр, макъэр, зэманыр, апхуэдэу абы зыщытепсэлъыхьыну Iуэхухэр еубзыху;

в) Комиссэм и зэIущIэр зэхуэгъэзэ икIи ар иригъэкIуэкI;

г) Комиссэм и унафэм хиубыдэ Iуэхухэм ятеухуауэ кьащта унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъоплъ.

8. Комиссэм и зэIущIэхэр хуей щыхъум и деж, ауэ илъэсым зэ нэхърэ мынэхъ мащIэрэ, ирагъэкIуэкI.

9. Комиссэм и зэIущIэр ирагъэкIуэкIыну хуитщ абы хэтхэм я зэхуэдитIым нэхърэ мынэхъ мащIэр кьырихьэлIамэ. Комиссэм и унафэхэр кьырихьэлIакIэм я нэхъыбэм Iэ зэраIэтам тету кьаущтэ, ар протоколу ятхыжри, Комиссэм и унафэщIым е зэIущIэр езыгъэкIуэкIа нэгъуэщI цIыхум Iэ щIедзыж. Протоколыр Комиссэм хэтхэм, апхуэдэу хуей щыхъум и деж Iуэхум кьеГъэщIыла къэрал органхэмрэ организацэхэмрэ хуагъэхь.

10. Комиссэр лэжьэн папщIэ зыхуей-хэмкIэ кьызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кьулыкъум, корпущэм пэщIэтыным, щыпIэ унафэр зегъэкIуэным я IуэхухэмкIэ и управленэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я IуэхухэмкIэ управленэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм накъыгъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №121-УГ-мкIэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ къэкIуэну зэманым унафэщI IэнатIэхэм пэрытынухэр къыхэхынымрэ я IуэхухэмкIэ щыIэ комиссэм

хэтхэр

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(Комиссэм и тхьамадзэщ)*

Алэкъэй А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэр *(Комиссэм и тхьамадзэм и кьуэдзэщ)*

Туменов М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кьулыкъум, корпущэм пэщIэтыным, щыпIэ унафэр зегъэкIуэным я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщыр *(Комиссэм и тхьамадзэм и кьуэдзэщ)*

Апажэ А. Къ. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуэу)*

Бабаевэ А. Щ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кьулыкъум, корпущэм пэщIэтыным, щыпIэ унафэр зегъэкIуэным я IуэхухэмкIэ и управленэм къэрал кьулыкъум, кадрхэм, къэрал наградхэм я IуэхухэмкIэ и кьудамэм и унафэщыр *(Комиссэм и секретарщ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Гъудэ А. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и Унафэщыр

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщыр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр

Кануников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыIуэу)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и ректорыр *(зэгурыIуэу)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык кьалэ округым и щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Мэкъуауэ А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщыр

Мэремыкъуэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал хуэзкIэмкIэ и комитетым и унафэщыр *(зэгурыIуэу)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Федченкэ Людмилэ кьыщыпсалъэм жиIащ иужьрей зэманым щIэныгъэм хуащI хъуа гулыIэм кьыпэкIуэнур мыгувэу зэрызыхэтщIэнур.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIэныгъэм текIуэдэн мылъку зэрыкуухамыхьи и зэран куэд къэралым ёокI. Иужьрей илъэс 25-м щIэныгъэрыпхъэхэм я процент 58-рщ къэнэжкар, щIэныгъэлI мелуаным нэблагъэ къэралым икIащ. Уи гуапэ мыхъууу кьанэркъым, иужьрей илъэс зыбжанэм а щытыкIэр зэрагъэзэхуэжыну Iэмал, Iуэху зэхуэмыдэхэр кьыхэзырихалъхьэр. Псалъэм папщIэ, щIэныгъэлIхэм я улахуэм хагъэхъуащ. Къапщтэмэ, ди республикэм 2030 гъэ хьуху щыIэхьиныр лэжьыгъэр яубзыхуащ, 2014 - 2020 гъэхэм игъэзэщIэну щыIэ хабзэхэм тету кьигъэсэбэпыну;

Ди республикэм щIэныгъэхутэ институт зыбжанэ щылажьэ пэтми, щIэныгъэм и пщIэр иджыри лъахъшэщ, - жеIэ Федченкэ Людмилэ.

Iуэхум и хэкIыпIэу илъагъуэхэми щхьэхуэ кьытеувыIащ къэпсалъэр КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм щIэныгъэм гулыIэтэ хэха хуищIну кьыхуриджащ, щIэныгъэлIхэмрэ Iэщ-щIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ грантхэр ягъэувыну, Къэрал саугъэт зратхэм щIалэгъуалэр хагъэхьону, стипендие хэхар нэхъыбэм иратыну кьыхуриджащ.

Урысейпсо ЩIэныгъэ Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щылналъэ щыдалэмэм и унафэщI, УФ-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и академик, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкIэ и комиссэм и унафэщI **Иуан Пётр** и псалъэхэм кьыхихыгъащIащ жыгIэм нэхърэ длэжьыр нэхъыбэ щыпхъэу кьызэрилытэр. Иуаным и гукъеуэхэр ибзыщIакъым. «Къэрал унафэщIхэр нобэрей махуэкIэ мэпсэу, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр илъэс бжыгъэхэм ятещIыхьауэ, ипэкIэ пльэуэ щытын хуейщ. Зэманым дыдекIуу, дыдэбакъуэу дыпсэун папщIэ ахэр псори кьэпльыгатхэзщ», - жеIэ Иуаным. Щапхъэу кьихьащ хамэ къэралхэр кьэкIуэнум зэрыкуэлажьэр, я щIэныгъэм хухах мылъкур, апхуэдэ Iуэху кьызэгъэпэщыкIэм кьахуищIыжьфейдэр зэрыиныр, зыкъомкIи абыхэм щапхъэ ятетхыпхъэу кьызэрилытэр.

Абы кьызэрыхигъэщамкIэ, ди къэралым щIэблэм щрагъэгъуэт щIэныгъэм арэзы укьищIырыкъым. «IэщIагъэлI зэчиифIэхэр диIэмэ, ягъэлъапIэ нэхъыщхьэхэр дунейпсо мардэм куэдкIэ кьыкIэроху, кьищынэмыщIауэ, а еджапIэхэр бизнесыр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэм пэIэщIэщ».

Апхуэдэуи Иуаным жиIащ нобэкIэ ди республикэм лъэ быдэкIэ щыт промышленнэ базэ зэримыIэр экономикэ зыужьыныгъэм лъэпощхьэпэ зэрыхуэхъур.

А псори зэран мэхъу хамэ къэралхэм ядалэжьэныкIэ, апхуэдэуи абы жиIащ Урысейм и хэгъуэгурхэм щIыщIэ щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэм мылъку кьызэрыхуамыутIыпщым зэрилъахъэр. Ди къэралым и Iуэху зытетыр кьыгурыIуэжрэ лэжьэн щIидзэкмэ, зызыужьа къэралхэм ялъэщIыхьэжу ятежьжыныи Iэмал дыдзэриIэр игъэнэIуащ Иуаным.

АдэкIэ зэIущIэм кьыщыщIэсащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и проректор **Бесчокъуэ Руслан**, «КъБР-м и хьэрычэтыщIэхэмрэ промышленникэмрэ я зэгъэхьэныгъэм» и вице-президент **Гуэбэщыкl Жантемыр**, химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Хьэшыр Светланэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Конференцым щыгъэхыуащ КъБР-м и экономикэм и Iэнатlэ псоми зауэжьын папщIэ зэрызэдалэжьэнымрэ нэхъапэ игъэщIапхъэхэмрэ.

ЗэIущIэм хэтахэм КъБР-м и гъэзэщIакIуэ органхэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт адэжанэ, хьэрычэт щIэным епха Iуэхущапlэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр зэрыт резолюцэ кьызэдащтащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● „Зэныбжьэгъугъэ-2014"

ЗэрырагъэкIуэкIынур яубзыху

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«ЩIалэгъуалэм я жэрдэмхэмкIэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щриГъэкIуэкIащ «Зэныбжьэгъугъэ-2014» Iуэхум Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм (КИФЩI) и республикэхэм щIалэ менеджерхэм я зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ КИФЩI-м и хэгъуэгуэм щыщ ныбжьыщIэхэр зыхэт «Зэныбжьэгъугъэ» проектым и зи чэзу Iыхьэр 2014 гъэм и щыщхьэуIум зэрыщIидзэнум.

ФИГУ кьэдгъэIыжьынщи, проектыр «Хэжупсэ» зэгухьэныгъэм 2009 гъэм республикэм зэрыщригъажьэрэ мы Iуэхум хэтащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ щIалэгъуалэу 300-м щIигъу. Проектым и фIыгъэкIэ щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщ щIалэхэр къуэш зэрыгъэхъуащ, я унагъуэхэри илъэс бжыгъэ хъуауэ зэкIэлъэкIуэ. «Зэныбжьэгъугъэ» хабзэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу щIалэхэм ижьыжьыж лъандэрэ кьадокIуэкI. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщ щIыхухъухэр ныбжьэгъу зэрыгъэхъуу, щыр адрейм дэIэпыкъуу, лей тримыгъэхъэу, ихьмэу, хьэщIагъэ ирихьыу щытащ.

Iуэхум кьыхьыхьэхэм ядоIэпыкъу КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэр, КъБР-м щIалэгъуалэм политикэмкIэ и департаментыр, «Институт проблем гражданского общества» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр, Урысейм и «Граждан обществэм я Iуэхухэмкlэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и республикэ кьудамэр.

УФ-м и Президентым и зэпеуэм кьыпэкIуа грантымкIэ, «Институт проблем гражданского общества» зэгухьэныгъэм Iуэхум хуэхиха ахъшэмкIэ «Зэныбжьэгъугъэ» Кавказ Ищхъэрэ щIалэгъуалэ проектыр ягъэзащIэ.

ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIащ Къэрэшей-Шэрджэс,Ингуш, Дагъыстэн, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Осетие Ищэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь крайм я лIыкIуэхэм.

ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ департаментым и унафэщI **КIуэрашын Анзор** жиIащ мыхьэнэ зиIэ мы Iуэху гъэщIэгъуэным зэрыпащэр, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыщ щIалэхэр абы кьызэрыхьэхэр, зэрызиубгъур, абы Кавказым ис лъэпкъхэр зэрызэкъуигъэувэр гуапэ зэрыщыхъур. КIурашыным кьыхигъэщащ Iуэхур «Мэшыкъуэ-2014», «Селигер-2014» щIалэгъуалэ зэрыхьэхэм щыпхагъэкIыну зэрамурадыр.

Проектым и унафэщI **Пащты Анжелэ** зэрыжиIамкIэ, Iуэхур кьыхэзылъхьахэм я мурадщ зэгурыIуэу Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу къэпсалъэм а хабзэ дахэр кьагъэщIэрэщIэжыну, зэкIэлъыкIуэу илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ къэгъэуэгурыкIуэ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр ирагъэфIэкIуэну. Абы кьызэрыхигъэщамкIэ, бзэ, хабзэ зэхуэмыдэхэр зезыхьэ лъэпкъхэр мыпхуэдэ Iуэхум зэкъуеГъэувэ, жылагъуэ-политикэ гъащIэмкIи щхьэпэщ.

Зэраубзыхуам тету, илъэс 14-м щыщIэдзауэ 17 зи ныбжь щIалэхэр мы Iуэхум кьыхащIэнущ. ШыщхьэуIум и пэхэм кьызэрагъэпэщыну гъэмахуэ лагерым маХуиплIкIэ абыхэм зыщрагъэгъэпсэхунщ, иужькIэ унагъуэхэм хьэщIапIэ махуиблкIэ ягъэкIуэнщ. ЩIалэхэм щыпIэ дахэхэм, щэнхабзэщэ гъуэзджэмрэ я Iуэхущапlэхэм зыщрагъэплъыхьынщ, гъунэгъу лъэпкъхэм я щэнхабзэ, хабзэ, дин Iуэхухэм хагъэгъуэзэнущ.

КИФЩI-м и хэгъуэгуэм кьикIыу зэхьыхэм зыкърезыгъэхьэлIа менеджерхэм Пащты Анжелэ фIыщIэ яхуищIри, Iуэхум теухуа пщэрылъхэри ящищIащ. Апхуэдэщ менеджерхэм я щIалэхэм щыщ хьэщIапIэ кIуэнуэхэмрэ нэгъуэщI щIыпIэм щыщхэр езыгъэблэгъэну гупыж зыщI унагъуэхэмрэ кьыхэхынымрэ, щIалэхэр я Iуэху зытетым кIэлъыплъынымрэ, проектыр зэрекIуэкIым теухуа тхыгъэхэр хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм яIэрыгъэхьэныр, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Лагерхэр хьэзырщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ лагерхэр хуэхьэзырщ сабийхэр зэрырагъэблэгъэнымк.

КъАБЗАГЪЭ хабзэхэм тету лагерь пэшхэри ахьэрэ я Iэгъуэблагъэри зыхуей хуагъэзащ, пщэфIапIэхэр кьызэрагъэпэщащ, зыгъэпсэхуIэхэм кьекIуалIэ инженерно-коммуникацэ хуэIуэхуэщIэхэр кьанэ щымыIэу шынагъуэнщагъэ хабзэхэм ялъэ иткIэ зэфIагъэхьащ. Апхуэдэу абыхэм медицинэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр егъэбыдылIауэ щытынущ.

Мы гъэм лагерь 45-м сабий мини 2-м щИгъуэ зыщагъэпсэхунущ, я узынщагъэри щрагъэфIэкIуэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнущ зи Iэщагъэм фIыуэ хэзыщыкI икIи Iуэхум сыт и лъэныкъуэкIи хуагъэхьэзыра гъэсакIуэ 340-м нэс. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гъэмахуэ лагерхэм кьекIуэлIэнущ, ди щыналъэм и мызакъуэу Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ сабий куэд. Кьыхэгъэщыпхъэщ, илъэс кьэси хуэдэу, бынунагъуэшхуэхэм, хуэмыщIауэ псэухэм, пIалъэхэ щытыкIэ гугъу ихуахэм я сабийхэм я зыгъэпсэкIуэу зэманыр тэмэму кьызэгъэпэща хъуным ди республикэм и унафэщIхэми, гъэмахуэ лагерхэм я лэжьыгъэр зэтеуэхэнымкIэ жэуап зыхь министерствэхэми я зэфIэкI псори зэрырахьэлIар.

Махуэ блэкIахэм щыIа уэлбанэщхуэм илъэса, зэхихьуна, лагерхэм екIуалIэ гъэгъуэр МЧС-м и лэжьакIуэхэм ткIийуэ я нэIэ тету зэрагъэпэщыжащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэрэдж щIыналъэ

ЦIыхухэр поплъэ

Къэщкъэтау кьыщхьэщыт джабэ задэшхуэм куэд щIауэ тетщ Кулиев Къайсын и усэ сатыр дахащхэм ящыщ зы: «Мир и радость вам, живущие!». А щIыпIэм щыпсэухэм зэрыжаIэмкIэ, псоми кьагурыIуэу урысибзэкIэ тха, гум кьехуэбылIэ а псалъэ купщIафIэхэр Шэрэдж районым и дамыгъэу къокIуэкI.

МЫ ЛЪЭХЪЭНЭМ а тхыгъэхэр зэрыкIэрымытыжьым цIыхубзм гу лъамытэу къэнакъым икIи, Iуэху зытетым щыгъуазэ защIын мурадкIэ, абыхэм район унафэщIхэм зыхуагъэзащ.

«Пластикым кьыхэщIыкIауэ джабэм кIэрыта хьэрфхэр и цIыхубзкIэ щIэх-щIэхьурэ кьехуэх мывэхэм фаджэ зэращIам кьыхэкIыу кьагъэщIэрэщIэжьын мурадкIэ фIахащ икIи ахэр дяпэкIэ нэхъ хъума хъун папщIэ гъущI хъари тралъхьэнущ, - жиIащ Шэрэдж щIыналъэ администрацэм и Iуэхуэр зезыхьэ Байсиев Хьэрун. КьищынэмыщIауэ, Кьэйсын и сурэт абдежым фIэпIри нэхъ екIуу щIауэ фIадзэжьынущ».

Кьырым тета тхыгъэхэр мы махуэхэм и пIэ ирагъэзэгъэжьынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Магас кьалэм (Ингуш Республикэ) щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм электрокъарур щыгуэшынымкIэ и щIыналъэ компанием (МРСК) лъэпкъыбзэхэмкIэ хъыбархэр ирагъащIэу цIыхубэм зэрадалажьэр егъэфIэкIуэным теухуа зэIущIэ. Ар тоК зыт компанием мы Iуэхум хуэгъэзауэ зэхилъхьа программэм и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэщ.

Лъэпкъыбзэхэмкlэ гурагъаIуэу

● ЗэIущIэхэр

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ Ингуш Республикэм и Парламентым и депутат Аушевэ Жансуэрэт, Кавказ Ищхъэрэм и республикэ псоми я Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм, КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и кьэрал комитетым, лъэпкъыбзэхэмкIэ кьыдэкI щIыпIэ СМИ-хэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэр кьызэригъэпэщащ Урысейм и гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ и центрым и Iэтащхьэ, «Россеть» ОАО-м и унафэщIхэм я советым и деж информацэ политикэмкIэ щыIэ комитетым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Есиповэ Ириндж.

ЗэIущIэр кьыщызэIуихым Есиповэм кьыхигъэщхьэхуакIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и прессэм и лэжьакIуэхэм зэрапщIар гъэбыдэныкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр, мы программэм хуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ зэрыщымыIэр. Проектыр Урысейм Энергетикэмкlэ и министерствэм иригъкIуэкIа «КонТЭКт» зэпеуэм нэхъыфIу кьыщалъытахэм ящыщщ.

МРСК-м жылагъуэм пыщIэныгъэхэр хуиIэныкIэ и департаментым и унафэщI Струговец Виталий кьыхигъэбеджьыкIащ мы Iуэхур зыхуэзгъэзар тоК зыт компанием и лэжьыгъэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэр езыхэм я лъэпкъыбзэхэмкIэ щыгъуазэ ящIынымрэ зэрыарар.

- Ди компанием и лэжьыгъэм и унэтIынныгъэ нэхъыщхьэхэм дэтхэнэри хэдгъэгъуэзэнымрщ ди мурадыр. Псалъэм и хьэтыркIэ, электрокъарурмкIэ хуагъэлъэгъуа мардэхэм щIыхухэм щIрамыгъэгъуным, нэгъуэщI куэдми, - жиIащ абы.

Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лIыкIуэхэм кьызэхуэсахэм гу лърагъэтащ урысыбзэр тэмэму зэрамыщIэм кьыхэкIыу Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я щIыхухэм Iуэхур щIытыр кьаззэрыгурымыIуэм. Программэр зыхуэгъэзар Кавказ Ищхъэрэм и МРСК-м и лэжьыгъэр зэIуахуэ щытыныр щ.

Кьызэхуэсахэр Магас щыIэ «Ингуш» лъэпкъ телерадиокомпанием, апхуэдэу республикэм и районхэм ящыщ зым тоК зыт и Iуэхущапlэм щыIащ. Журналистхэм яльэгъуащ мардэхэм щхьэдэхыу кьагъэсэбэп токыр ягъэмэщIэн мурадкIэ ягъэува кьызэрабж Iэмэпсымэхэр сесэпышхуэ зэрыхъур. Энергетикхэм белджылы ящIащ кьагъэсэбэп токым и куэдагъыр кьызэрапщ Iэмэпсымэхэр щыугъэнэнэу зэрылажьэр. Абы Iэмал кьует Iуэхум укIэльыпльыну.

ЗэIущIэм лъэпкъыбзэхэмкIэ лажьэ журналистхэм я зэпеуэ щагъэуващ. Компанием и лэжьыгъэр нэхъыфIу кьэзыгъэльагъуэм ахъшэ саугъэтхэр иратынущ.

Зэхьэзэхуэм щыгъэува Iуэхуэхэм щыгъуазэ зыхуащIыфынущ компанием и http://www.mrsk - sk./ress/center/vzaimodeystvie-so-smina-natsionalnykh-yazykakh/ веб-сайтымкIэ.

ЦЕКЪУ ПIатI.

Романов лъэпкъым и яп̀э пащтыхьыр мыадыгэ пхъурылъхуу пІэрэ?

(КІэухыр. ПащІэдзэр 1-нэ нап.).

Урыс пащтыхь Грозный Иван, ешьм и ужькІэ тетыгъэр зыльысыну и къуэ Фёдор зэхІэкІышхуэ зэрыбГъэдмылъыр ищІэ- ти, ар Іэхуэм хэзэгъэку къэралыр пІалъэкІэ зезыхьэн гуп къызэрегъэпэщ. Дзыхь яхуищІри, а къалэныр я пщэ ирилъхьащ Годунов Борис, Мстиславский Иван, Шуйский Иван, Романов Никитэ сымэ. Абыхэм я унафэщІ Годунов Борис, урыс тахьтэр зыІэщІиубыдэну мурад быдэ ищІати, щхьэусыгъуэ нэпцІкІэр къахигъуэртри регент советым хэтитІыр - Мстиславскэмрэ ШуйскэмрэІ - я пІэжьапІэм Іуегъэкі, егъэтІыс, ехьІ, абы и унафэкІэ Романов Никитэ щхьэу ирахьри и бзэр еубыд, и акъылыр зокІуэкІ. Пащтыхь тахьтэм щІэкъу Годуновыр апхуэдизкІэ цІыху икІэт, гущІэгъунэштэ, и адэм ирищІар фІэмащІэу, Романовым и къуэ нэхъыжьыкІэ Фёдори цІыхугъэншагъэ, хьэкІэкхъуэкІагъэ ирелэжь, щоошинэри, ари къэрал Іэхуэхэм пІэщІэ зэрищІыныным Іэмал фІейкэр хуэхьелхьэ.

А илъэсэхэм Романов зэадзэзэкъуэ я Іэхъу зытетым фІыкІуэ щыгъуазэу, я унагъуэ ихьэу зэрыщІтар игъэбыдэу, Горсей и тхьилъым мыр щетх: «Абы (Романов Никитэ - **Хь. А.**) и Іуэхьэжь Фёдор Никитич, куэдкІэ уэщІыгуэгъэ хъуну нЫбжьыщІым (славян хъэрфхэр къзэгъасэбэнурэ сэ абы зэрыслхуэзэфІэкІкІэ хуэзэхсЫхьэгъащІ егъэлеиуэ зыщІыгуфІыкІа латин грамматикэ) Борис (Годунов - **Хь. А.**) и шыпхъум и унэІут (служанка - **Хь. А.**) шэрджэс хъыджэбзыр къащІыгъэ. Ауэ щхьэщащ икІи абы къуэ кьыхуилъхуаУэ щытащ... Лъэпкъым и цІыхухэм лъагъуныгъэр щІыхьрэ зэрыхуащІым къыхэкІкІэ, а Фёдор Никитичыр, и адэр зэрыІэрэ куэд мыщІа пэтми, и щхьэр лъэщыгъэкІэ ирагъэуспри къуТшырыфым щІадзащ икІи, нЫбжьышхуэ зэриміым щхьэкІи къамыгъанэу, Ростовым и архиепископу яГъэващ. Адрей абы и кьуэшыр, и шынэхъыжьым ещхьыи псэ къабзэ зиІэ Александр Никитичи, ямы- гъэпсэухэ щыхъум... Польшэм кІэсащ». Урыс щІэныгъэлІхэм иужькІэ зэрызэхагъэкІамКІэ, мыбдеж Горсей щьжьИр тэмэм дыдэжьым - Александр и хэкум икІакъым, атІэ яГъэтІысащ, Усолье лъэхъуэщым ирадзэри абы икІуэдащ.

Романовхэ яхужьИр зэрыпэжьр игъэбыдэн щхьэкІэ, Горсей и тхьилъым къыщытрегъэзэжри нэгъуэщІ зы щІыпІэми мыр щетх: «Абы (Романов Никитэ - **Хь. А.**) и къуэ нэхъыжь Фёдор Никитич, и щІалагъэми емыплъу, епископу яГъэвар, иджы хэІущІыу зэрыхъуамкІэ, Москвам и патриархщ. И щхьэр яупсу къуТшырыфым щІагъэтІысхьэным и пэ кьихуэу абы къуэ иІащ, иджы ар хахащ... Урысей псом я пщы нэхъыщхьэу икІи зэреджэр пащтыхь (царь - **Хь. А.**) Михаил Фёдоровичщ».

Романовхэ нысэ яхуэхъуа адыгэ пщащэм (тхьилъым зэритыр черкешенкэуэ - Хь. А.) и цІи, къызыхэкІа лъэпкъым, Москвэ ар кьыхуэпсыхуэ щІыкІи Горсей и тхьилъым щыгъэбелджылакъым. ЗэрыхэбгъэфэщэнкІэ, Годунов Борис и шыпхъум, пащтыхьым и цІхьэгъусэм, и Іуэхутхьбзащ1эу щыщІыткІэ, ар ауэ кІыззэрыгъэнукъым, щІыхьэрым яп̀э Іэпхъуэ Черкасскэхэм я пІыхьуэпІыныщ. Ауэ хуэфащэн пІэпкъым кІыхьэкІа урыс бзылъхугъэ благъэ хуимыщІу Годунов Борис щэрджэс пщащэр Романов Фёдор Никитич баштекъуэзкІэ кІыщІригъэшам щхьэусыгъуэ иІащ, - ар хэтащ а лъэпкъ цІэрыІуэм и щІыхьэр зэрыгъэлъэхъшэным, ущыс тахьтэр зыхуэфащэхэм, зыльысыну кІыльтыхэзм а лъэпкъыр хигъэкІыну. Пащтыхьыгъэр зыІэщІимыгъэкІыну мурад быдэ зыщІа Годунов Борис а Іэмалыр псэуху кІыгъэсэбэнащ: и пхъур швед пащтыхьым и кІуэщым иритыну хэтащ, и кІуэм мызэ-мытІэу Европэ пащтыхь унагъуэхэм япхъу кьахущІихащ. Абы ишІыжьыкІэ Годуновым и тетыгъуэр игъэбыдэн щхьэкІэ, и лъэпкъыр лъэщыгъэкІэ япищІащ зыкъыщІэзыгъэскъуэфыну къыфІэщІ урыс лъэпкъ нэхъ цІэрыІуэхэм. А илъэсхэм а лъэпкъэджагъэр екъэжьауэ абы кьигъэсэбэпу зэрыщытам щхьэзт тохъуэ ахэр зи ногу щІэкІа, иужькІэ зи тхыгъэм кІыщцІэзыгъэльэгъуэжа франджвэ зыгъэуІэн, урысыдзэм кІылыкІу щыІэщІа Маржерет Жакии. «Урысей империем Москвэ къэрал пащтыхь имыІэу я щытыкІэр» тхьилъым абы тІысыпхьгъащ: «Абы (Годунов Б. - **Хь. А.**) Фёдор БорисовичкІэ еджэу къуэрэр зыпхъурэ иІащ. Езым и тетыгъуэр игъэбыдэн икІи и Іыхьлыхэм ар яТыгъэсын щхьэкІэ, ар яужь ихьащ хамэ пащтыхь гуэрхэм благъэгъэкІэ запищІэну. Абы нэмыщІкІэ дзыхь зыхуимыщІхэр игъэтІысу, нэхъ къыхущІэхэну, къыдзІэпІыкъуфыну кьыпІытэ унагъуэ нэхъ екъэвакъэр благъэгъэкІэ и лъэпкъым къыпищІэу щІидзащ. Абы Іыхьлыгъэкіэ зызыпимыщІауэ Москва къащІэн къыдзэнар унагъуэиплІ-тху къудейІ...»

